Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonı Málimleme - kitapxana orayı

Málimleme – bibliografiya xızmeti



**“ Jazıwshı, shayır hám kitapqumar ”**

Jazıwshılar Awqamınıń aǵzası M. Nızanovtıń 75 jıllıǵına bibliografiya.

## " Jazıwshı, shayır hám kitapqumar "

Muratbay Nızanovtıń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti

Muratbay Nızanov 1951-jılı Kegeyli rayonınıń «Aqtuba» elatında dúnyaǵa kelgen. Mektepti tamamlaǵannan soń 1968 – 1971- jılları Máteke Jumanazarov atındaǵı kolxozda jumısshı, al 1971 – 1973- jılları áskeriy xızmet wazıypasın atqardı. Qaraqalpaq Mámleketlik Universitetin oqıp pitkerip, ózi tuwılǵan rayonda M.Jumanazarov atındaǵı xojalıqta jumısshı, «Paxtakor» sport jámiyetinde instruktor, rayonlıq gazetada, «Jetkinshek», «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetalarında, sońınan Qaraqalpaqstan televideniesi radioesittiriw komitetinde aǵa redaktor, bas redaktor, televidenie boyınsha baslıq orınbasarı lawazımlarında islegen. «Aral» jámiyetlik-siyasiy publicistlikalıq jurnalın, «Máwrit» (Mádeniyat, ádebiyat, waqıyalar, reklamalar, informaciyalar,táshwishler) atamasındaǵı telekórsetiwin shólkemlestirgen. Muratbay Nızanov dáslepki waqıtları lirik bolıwdı árman etedi. 1981 - jılı «Kegeyli turmısı» gazetası ádebiy xızmetkeri bolıp isleydi. Muratbay Nızanov qaraqalpaq ádebiyatı bosaǵasına 80-jılları qádem qoyıp, proza, poeziya,dramaturgiyada, milliy mádeniyatımız hám jurnalistikada óz jolı, óz usılına iye jazıwshı bolıp jetilisti. Ol 1991 jıldan baslap jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

Muratbay Nızanov óziniń dáslepki dóretiwshilik jolın lirikalıq qosıqlar menen baslaydı. Shayırdıń birinshi qosıǵı respublikalıq jaslar gazetasında 1966 - jılı «Qaraqalpaqstan» degen at penen jarıq kórdi. 1994-2002 jılǵa deyin «Qaraqalpaqstan» baspası direktorı, 2002 -2003 jılları Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyası baslıǵınıń orınbasarı, 2003 - 2013 jılları «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyası direktorı bolıp xızmet etip, xalıqqa belgili insanǵa aylandı. 2013-2023 -jılları «Bilim» baspasınıń direktorı wazıypasın atqardı. 2023- jıldan "Jeti ıqlım" atamasındaǵı jeke menshik baspaxanasın júritpekte. Onıń tuwılǵan jerge baǵıshlanǵan tusaw keser qosıǵı aldaǵı dóretiwshilik tabıslarına ilham baǵıshlawshı kúsh boldı.

Bizler bala jılları,
Awıldan kewlim toq edi,
Esiginde hesh kimniń,
Qulp túwe zulp joq edi.
Bir qońsıdan bir qońsı,
Bólip jemes tamaǵın,
Ana úy menen mına úyge,
Tasıp júrer tabaǵın.
Ashtan ólip qalsa da,
Aǵarǵanın satpaydı,
Ózi jemey, tapqanın,
Qonaǵına saqlaydı.

Shayırdıń qosıqları Kegeyli rayonlıq gazetada, respublikalıq «Jetkinshek», «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetaları menen «Ámiwdárya» jurnallarında izbe-iz jáiriyalanıp turdı. Sekseninshi jıllarga kelip ol janrlıq jónelisin birden ózgertti. Buǵan Aziz Nesinniń «Mush ketti» kitabı sebepshi boldı. Sonday-aq Sayd Axmad, rus shayırı Anton Chexov, qazaq shayırları Asqar Toxmaǵambetov, Ospanxan Ábubákirov, ukrain shayırı Stepan Oleyniklerdiń shıǵarmalarınıń tásiri kúshli boldı. Muratbay Nızanov satira-yumor janrında basqalar aytpaǵan tıń pikirlerdi aytıp, óz aldına tolqın bolıp kirip keldi. Ol «Nıshana» (gúrriń), «Kúlkim keledi» (qosıq), «Adam kúldirgeni ushın» (házil), «Sizge bolmaydı» (yumor), «Jat jurttaǵı jeti kún» (povest), «Írasın aytsań uradı» (yumor), «Ishek silem qattı meniń» (satira), «Eki qanqor» (povest), «Ǵáziyne» (gúrriń), «Jaqında qızıq boladı» (gúrriń), «Eki úyrektiń toǵız bótekesi» (yumor), «Aqshagúl» (povest), «Telefon jillisi» (házil), «Aqıret uyqısı» (povest), «Ashıq bolmaǵan kim bar» (roman), «Hámelden túsken qanday boladı» (gúrriń), «Túnde uyıqlaytuǵın adam» (satira), «Erkektiń bir kúni» (satira), «Kúlme maǵan» (yumor), «Hawa kemesindegi ekew» (povest hám drama) (2014) sonday-aq tańlamalı shıǵarmalarınıń bes tomlıǵın (2008-2016) járiyaladı hám «Dushpan» (roman) shıǵarmaların dóretti. Onıń jazǵan hár bir shıǵarması oqıwshılardıń kewlinen jay taba bildi. Muratbay Nızanovtıń qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatına, kórkem ónerine qosıp atırǵan jáne bir úlken úlesi onıń kino iskusstvosı tarawındaǵı xızmetleri bolıp esaplanadı. Bul janrda jazıwshınıń jigirmaǵa jaqın kitapları, eki komediyası «Eki dúnyanıń áweresi», «Kulme maǵan», kinokomediyaları «Tanka»,«Urı», «Kurort», «Qońsı - qobalar» filmleri suwretke alındı, jámiyetshilik dıqqatına usınılıp, olar ılayıqlı bahalarına iye boldı. Muratbay Nızanov jigirma birinshi ásirdiń basında jazıwshı realistlik prozaǵa qol urdı. Búgingi milliy ádebiyatımızda talantlı jazıwshılarımızdıń biri bolıp jetilisken Muratbay Nızanovtıń birinshi qádemi poeziyadan baslanǵan edi. Ol dáslep ómir filosofiyası haqqında, sońın ala sol turmıstıń pisip jetilispegen shiyki yamasa orınsız asıp - tasıp baratırǵan kórinislerin poeziyanıń satiralıq quralı menen túyrep basladı. Soń prozalıq shıǵarmalarǵa ótti. Dramaturg hám kinoscenariyashı sıpatında tabıslı qálem terbetip kiyatır. Ruslardıń "Talantlı adam - barlıq nársede de talantlı"- degenindey, onıń qáleminen shıqqan ádebiy shıǵarma qaysı janrda jazılsa da, óz xalqınıń ásirler dawamında qáliplesken úrip - ádetlerin tereń biletuǵını, sóyler sózge tilge bay ekeni kórinip turadı. Bul jazıwshınıń basqa jazıwshılardan tiykarǵı ayırmashılıǵı - onıń jurnalistlik shaqqanlıq penen búgingi kún nápesin ádebiyatqa alıp keliwi. Muratbay Nızanov dramaturg sıpatında da bir qatar saxnalıq shıǵarmalar dóretip, úlken tabısqa eristi. Onıń «Eki dúnyanıń áweresi» shıǵarması milliy teatrımızda saxnalastırılıp, avtorǵa dańq, abıray ákeldi. Bul komediya «Siyrek ushırasatuǵın nusqa» ataması menen 1994 - jılı Ózbek akademiyalıq teatrında da qoyılıp, tamashagóylerdiń kewlinen shıqtı.

Ǵárezsizlik jıllarında baspadan bir qansha kitaplar shıǵardı. Ásirese, 2002-2004- jıllarda onıń «Aqshagúl» povesti jazıwshıǵa júdá úlken dańq alıp keldi. Bul povesti 2006 - jılı Ózbekstan kóleminde ótkerilgen «Istiqlol zamonimiz qahramonlari» tańlawında birinshi orınǵa miyasar bolıp, pútkil ózbek oqıwshılarınıń da zor ıqlasına miyasar boldı. Povest keshikpey «Jahon adabiyoti» jurnalında jarıq kórdi. Bul tabıslardan ilhamlanǵan jazıwshı ekinshi kólemli shıǵarmaǵa kiristi. Oqıwshılar kútkenindey 2009 - jılı baspadan shıqqan «Aqıret uyqısı» povesti de búgingi talǵamı kúshli oqıwshılar qálbinen jay aldı. Ol jáne bir kólemli shıǵarma «Dushpan» romanınıń birinshi kitabın jazıp pitkerdi. Muratbay Nızanov «Aqshagúl», «Aqıret uyqısı» hám «Dushpan» shıǵarmalarında insan psixologiyasın keń, hár tárepleme hám tereń úyreniwi, insandı túsiniw, onıń kewil keshirmelerin seze biliwde úlken tabısqa eristi. Ol dóretken obrazlar kitap oqıwshıların biypárwa qaldırmaydı, olardıń quwanısh hám táshwish, qıyınshılıqlarına sherik, dártles bolıwǵa, olarǵa ılayıq bolıwǵa umtıladı. Ol óziniń tınbay izleniwiniń arqasında

belgili ataq hám sılıqlarǵa miyasar boldı. Muratbay Nızanov qaysı janrda jazbasın, óz xalqınıń ásirler dawamında qáliplesken úrp - ádetlerin, salt - dástúrlerin tereń seziniwi, shıǵarmalarınıń tiliniń baylıǵı menen ayırılıp turadı.

Ádebiyatımızǵa satiralıq qosıqlar hám gúrrińler menen kirip kelgen talant iyesi búgingi kúnge kelip iri epikalıq janrda dóretiwshilik izlenisler alıp barmaqta. M.Nızanovtıń «Usındayda boladı» (1979), «Nıshana» (1984), «Kúlgim keledi» (1987), «Adam kúldirgeni ushın»(1989), «Sizge bolmaydı» (1990), «Jat jurttagı jeti kún» (1992), «Írasın aytsań uradı» (1993), «Ishek silem qattı meniń» (1993), «Eki qanxor»(1994), «O'zga sayorada etti kún»(1995), «Ǵaziyne»(1996), «Jaqında qızıq boladı» (1999), «Eki úyrektin toǵız bótekesi» (2002), «Aqshagúl»(2004), «Telefon jinnisi»(2005), «Hámelden túsken qanday boladı» (2005), «Túnde uyqlaytuǵın adam» (2005), «Erkektiń bir kúni» (2007), «Kúlme maǵan»(2007) sonday-aq usı shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı (2008-2009), «Aqıret uyqısı»(2009), «Kenjetay»(2009), «Dushpan»(2010) atlı kitapları basılıp shıqtı. Onıń dóretpeleri pútkil Ózbekistan kóleminde keńnen tanılmaqta. Avtordıń bir qatar shıǵarmaları ózbek tiline awdarılıp jariyalandı hám ózbek ádebiyatshıları tárepinen de joqarı bahalandı.

M.Nızanovtıń «Aqshagul» gúrrińi 2007-jılı «Istiqlol: Zamonamiz qahramonlari» tańlawında birinshi, «Ashıq bolmaǵan kim bar» romanı 2014-jılı «Eng ulug,eng aziz» tańlawında 3-orındı alǵan. 2002-jılı jazılǵan «Tank» filmi scenariyi «O'zbekkino» Milliy agentligi tárepinen ótkizilgen tanlawında 2-orındı iyeledi. Usı film scenariyi ushın 2004-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik sılıq penen sılıqlandı. "Tank" filmi Ózbekistan televideniesi kanallarında 2004-jıldan beri qoyılıp kelmekte. Bunnan basqada dóretken «Urı»(2008), «Kurort»(2009), «Eshan kór» (2011) «Qońsılar»(2010), «Ómirdiń ush máwsimi» 2-seriya (2011), «Qaysar» 2-seriya (2011) hám taǵı basqada kórkem filmleri Qaraqalpaqstan respublikası kinoteatrlarında qoyılıp kiyatır hám házirgi kúnde «Qaraqalpaqstan» telekanalında bárha kórsetilip kelinbekte. M.Nızanov dóretiwshiliginde satira-yumor úlken áhmiyetke iye.Bul jolda da úlken tabısqa eristi. Satira jazıwshınıń «Usınday da boladı», «Nıshana», «Kúlkim keledi», «Sizge bolmaydı», «Adam kúldirgeni ushın», «Jat jurttaǵı jeti kún», «Ishegim úzildi», «Adam jamanlasań zeynin ashıladı», «Rasın aytsań uradı», «Eki qanxor», «Ǵáziyne», «Jaqında qızıq boladı», «Eki úyrektiń toǵız bótekesi» kitaplarında turmısımızda ushırasıp turatuǵın qopaslıq, nápsiqawlıq penen paraxorlıq, zıqnalıq, sıqmarlıq sıyaqlı illetler ótkir qálemge alınıp, olardan juwmaq shıǵarıwǵa shaqıradı.

M.Nızanovtıń «Jat jurttaǵı jeti kún» (1992j) povestinde búgingi dáwirimiz ushın eń áhmiyetli bolǵan máseleler` insan hám tábiyat, ana jer, suw, insannıń oy-pikiri menen onıń máńgilik ulıwma insanıylıq mashqalaları qıyalıy-yumor usılında tereń mazmunlı etip ashıp beriledi.

M.Nızanov dramaturg sıpatında da bir qatar saxnalıq shıǵarmalar dóretip, úlken tabısqa eristi. Onıń «Eki dúnyanıń áweresi» shıǵarması milliy teatrımızda saxnalastırılıp, bul komediya «Siyrek ushırasatuǵın nusqa» ataması menen 1994-jılı ózbek akademiyalıq teatrında da qoyılıp, tamashagóylerdiń kewlinen shıqtı.

Komediyada súwretlengen waqıyalar elege deyin mashqala bolıp kiyatırǵan nápsiqawlıq, ashkózlik, dúnyaparazlıq, paraxorlıq, jaǵımpazlıq hám insapsızlıq sıyaqlı illetlerge qarsı gúresiw kerek degen ideyanı alǵa qoyadı.

M.Nızanov qaysı janrda jazbasın, óz xalqınıń ásirler dawamında qáliplesken úrp-ádetlerin, salt-dústúrlerin tereń seziniwi, shıǵarmalarınıń tiliniń baylıǵı menen ayırılıp turadı.

M.Nızanovtıń búgingi kúnge shekem jigirmadan aslam kitabı shıqtı. Olardıń arasında «Aqshagúl» povesti (2004) (ózbek oqıwshılarına jaqsı tanıs bolǵan «Jáhán ádebiyatı» jurnalında awdarılıp basıldı), «Aqıret uyqısı» povesti hám «Dushpan» romanı ayrıqsha áhmiyetke iye.

«Aqshagúl» povestinde úy iyesi, aldında azamatınıń bolıwına qaramastan shańaraqtıń awır júgin óz moynına alǵan hayal obrazı sáwlelendiriledi. Házirgi kúnde kórkem ádebiyat óziniń tiykarǵı wazıypası-kitap oqıwshısınıń ádep-ikramlılıǵına, estetikalıq sezimlerine tásir etetuǵın juwapkerli wazıypanı atqarmaqta. Zamanımızdıń talǵamlı kitap oqıwshısı ádebiyattan tek turmıs shınlıǵın ǵana emes, al, kórkemlik haqıyqattı da izleydi. Atap aytqanda, usı nárse publicistika menen kórkem ádebiyat arasındaǵı shegaranı ayırıp, olardıń wazıypasın ayqınlastıradı.

M.Nızanovtıń «Aqıret uyqısı»povesti haqıyqıy psixologizmge qurılǵan shıǵarma. Qaraqalpaq ádebiyatında sońǵı jılları qaharmannıń tınıshın alǵan, kewil keshirmelerin súwretlew arqalı insannıń mánáwiyatına kúshli tásir, basım kórsetetuǵın bunday shıǵarma jazılmadı. Aldın aytıp ótkenimizdey, shıǵarma turmıslıq waqıyaǵa bay bolsa da, onda insannıń ruwxıy dúnyası, kewil keshirmeleri tereń sáwlelendirilmese, psixologiyası ashıp berilmese kitap oqıwshısınıń ruwxıy baylıǵına aylana almaydı. Sebebi, insannıń oy-pikirin, aqıl-sanasın ilim, bilim, pedagogika menen bayıtıw, keńeytiw múmkin, biraq qálbin, kewil dúnyasın bayıtatuǵın tek kórkem óner menen ádebiyat ǵana. Sonlıqtan da jazıwshı qaharmannıń psixologiyasın tereń sáwlelendiriw arqalı kitap oqıwshısınıń júregine jol izleydi.

Avtordıń «Dushpan» romanı onın dóretiwshiligindegi eń iri polotnolıq shıǵarmalardıń biri esaplanadı. «Dushpan» sózi hár qanday adamnıń qulaǵına qáweterli, qorqınıshlı hám jerkenishli esitiledi. Romandaǵı waqıyalar Dawıtkól átirapında bolıp, onda bajban bolıp xızmet etken Qudaynazardıń jas jigitlik dáwirinen onıń ómiriniń aqırına deyin mashaqatlı, shiyelenisken gúreslerge tolı waqıyalar súwretlenedi. Onıń basınan ótken jaǵdayınıń otızınshı jıllardaǵı jetispewshilik penen ashlıq-áptadalıqqa qaramastan tawıǵınıń sońǵı máyegin bolsa da tartıp alatuǵın salıqlar, bunnan keyin ekinshi jer júzlik urıs hám awıllardaǵı awır turmıs tárizi haqıyqıy shınlıq penen sáwlelendirilgen.

Urıs waqtında izli-izlinen kelgen «qara qaǵaz»lardı ata-analarına jetkeriw, olarǵa xabarlawdıń ózi awır júk ekenligi sheber súwretlengen.

Juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizlik ádebiyattıń erkin, siyasiy qısımlardan, tásirlerden qutılıwı ushın úlken imkaniyatlar ashıp berdi. Bunnan nátiyjeli paydalanǵan M.Nızanov «Aqshagúl», «Aqıret uyqısı» hám «Dushpan» shıǵarmalarında insan psixologiyasın keń, hár tárepleme hám tereń úyreniwi, insandı túsiniw, onıń kewil keshirmelerin seze biliwde úlken tabısqa eristi. Ol dóretken obrazlar kitap oqıwshıların biypárwa qaldıra almaydı, olardıń quwanısh hám táshwish, qıyınshılıqlarına sherik, dártles bolıwǵa, olarǵa ılayıq bolıwǵa umtıladı.

Muratbay Nızanov ótken ásirdiń jetpisinshi jıllarınıń basında poeziya janrınıń bir talabanı sıpatında Jazıwshılar Awqamınıń bosaǵasınan atladı. Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov, Tilewbergen Jumamuratov hám Dawlen Aytmuratovlarday ullı insanlardıń yumor hám satira degen káramatlı hám kiyeli dáryanıń aǵısın baqladı. Jazıwshı sońǵı jılları adamlardı oylanıp is etiwge shaqıratuǵın tárbiyalıq áhmiyeti kúshli shıǵarmalardı kóplep dórete basladı. Qaraqalpaq ádebiyatın kerekli kórkem bólekler, ótkir syujetler menen támiynlewshiniń wazıypasın atqara beriwden de kóre aldında álleqayda úlken wazıypa turǵanın endi onıń ózi de túsinip jetken edi. Satira - kúshlilerdiń quralı. «Adam kúldirgeni ushın» essesi, «Jat jurttaǵı jeti kún» povesti bul oyınıń durıslıǵın dálilledi. Muratbay Nızanov jumıs ornı boyınsha ǵana emes, al talantı jaǵınan da ósti. Ózbek jazıwshısı N. Fazılov: «Muratbay Nızanov óziniń yumorǵa, ótkir satiraǵa bay dóretpesi menen ayrıqsha kózge taslanıp turadı. Men Muratbaydı qaraqalpaqtıń Aziz Nesini degim keledi. Onıń satiralıq yumoristlik gúrrińleri, dramaları sonday dewime huqıq beredi…» -dep bahalaydı. Muratbay Nızanovtıń qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatına, kórkem ónerine qosıp atırǵan úlesi biybaha. Onıń scenariyasında “Tanka”, “Urı”, “Kurort”, “Qońsılar” filmleri suwretke alındı. 1999-jılı «Doslıq» ordeni menen sıylıqlandı, 2001 - jılı “Qaraqalpaqstan

Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri", 2004 - jılı " Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik sılıǵınıń laureatı", 2012 – jılı «Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı» atağı berildi. Bul ataqlar biykarğa berilmegen. Házirgi waqıtta jazıwshımız bes perzenttiń ákesi, tórt aqlıqtıń ádiwli atası, ul- qızları da joqarı mağlıwmatlı kórgenli shańaraqlardan esaplanadı. Jazıwshınıń tiykarğı maqseti óz dóretpeleri arqalı insan júregine jol tabıw, onıń ruwxıy dúnyasın bayıtıw emes pe? Muratbay Nızanovtıń bul joldağı izleniwlerine, keleshektegi jumıslarına tabıslar tilep qalamız. Mine usınday ózine tán dóretiwshilik jolı menen ádebiyat ıqlasbentleriniń júreginen orın alıp kiyatırğan Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, Berdaq atındağı mámleketlik sıylıqtıń laureatı Muratbay Nızanov búgingi kúni mádeniyatımız hám ádebiyatımız ushın elewli úles qosıp kiyatırğan talant iyesi. Muratbay Nızanovtıń Kegeyli aymağında ılğıy quwaqı, basqıshıl, házilkesh, ilmesultan sózdiń júyrigi atanğan qaraqalpaq awıllarınıń birinde tuwılıp-ósip, kámalğa keliwi onıń ádebiyatqa ıqlasınıń tez oyanıp, sóz dúkanınıń esiginen erterek ishke úniliwge, óneriniń qáliplesiwine hám rawajlanıwına tásirin tiygizdi.

Muratbay Nızanovtıń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti dáwirindegi tiykarğı sáneler

1951 - jılı - Kegeyli rayonınıń «Aqtuba» elatında dúnyağa keldi
1968 - 1971 – jılları – Kegeyli rayonı Máteke Jumanazarov kolxozında jumısshı
1973 - 1981 - jılları – «Kegeyli turmısı» gazetası ádebiy xızmetkeri
1982 - jılı – «Jetkinshek» gazetası ádebiy xızmetkeri
1982 – 1983 - jılları - «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasınıń ádebiy xızmetkeri
1983 - 1991 - jılı - Qaraqalpaqstan televideniesiniń bas redaktorı
1991 - 1994 - jılları - «Aral» jurnalınıń bas redaktorı
1991 - jılı - Jazıwshılar Awqamınıń ağzası
1994 - 2002 - jılları – «Qaraqalpaqstan» baspasınıń direktorı
2002 – 2003 - jılı - Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyası baslığınıń orınbasarı
2003 – 2013 - jılı – «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyasınıń direktorı
2013 – 2023 jılı «Bilim» baspasınıń direktorı.

Muratbay Nızanovtıń alğan ataqları hám sıylıqları

1999 - jılı - «Doslıq» ordeni menen sıylıqlandı
2001 - jılı - Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri
2004 – jılı - Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik sıylığınıń laureatı boldı
2012 – jılı - «Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı» atağına iye boldı

Muratbay Nızanov avtorlığındağı kórkem filmler

Kinofilmler Túsirilgen jılı Studiya «Tanka» 2003
«Uzbekfilm» «Urı» 2009
«Qaraqalpaqfilm» «Kurort» 2009
«Qaraqalpaqfilm» «Qońsılar» 2010

Muratbay Nızanovtıń shıgarmaları qaraqalpaq tilinde

1979

Usınday da boladı: gúrriń. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 1979. – 78 b.

1984

Nıshana: satiralıq gúrrińler. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 1984. - 104 b.

6

1987

Kúlkim keledi: qosıqlar hám poema. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1987. - 76 b.

1989

Adam kúldirgeni ushın…yamasa ayıpkerdiń altı xatı. - Nókis: Qaraqalpaqstan,1989. - 88 b.

1990

Sizge bolmaydı: povest hám gúrrińler. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 1990. - 196 b.

1992

Jat jurttaǵı jeti kún: povest, gúrrińler, pesalar, intermediyalar. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 1992. – 400 b.

1993

Ishek-silem qattı meniń: házil - dálkek, mısqıl qosıqlar. - Nókis: Aral, 1993. - 68 b.

Írasın aytsań uradı: yumor satira. - Nókis: Aral, 1993. - 116 b.

1994

Aspannan túsken millioner: [satiralıq gurriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 1994. - 20 sent.

Eki qanxor: povest, házil dálkek gúrrińler - Nókis: Aral, 1994. - 134 b.

1996

Ǵáziyne: [satiralıq gúrrińler] // Qaraqalpaqstan. 1996. - 25 mart.

2000

Jaqında qızıq boladı: [satiralıq gúrrińler] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2000. - 30 mart.

2001

Men jegenim joq: [satiralıq gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2001. - 8 fevr.

2002

Eki úyrektiń toǵız bótekesi: satiralıq gúrriń. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2002. - 76 b.

2004

Aqshagúl: povest. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2004. - 96 b.

2005

Kondicioner: [satira] // Erkin Qaraqalpaqstan. 2005. – 18 okt.

Túnde uyıqlaytuǵın adam: satira. - Nókis: Bilim, 2005. - 68 b.

2006

Hámelden túsken qanday boladı?: gúrrińler. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2006. - 92 b.

Írasın aytsań uradı: [satiralıq gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2006. - 28 yanv.

2008

Júz gramm nan: [satiralıq gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan, 2008. - 5 iyul.

Shıǵarmaları: tórt tomlıq. I tom. - Nókis: Bilim, 2008. - 304 b.

2009

Aqıret uyqısı: povest. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2009. -208 b.

Tańlamalı shıǵarmaları: II tom. gúrrińler. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2009. - 320 b.

2010

Dushpan: roman. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 2010. - 264 b.

2013

Ashıq bolmaǵan kim bar: roman - Nókis: Bilim, 2013. – 188 b.

2014

Qaraqalpaqlardıń bas kiyimi qanday bolǵan yamasa jırawlar nege shógirme kiyedi? // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2014. - 27 mart.

Tańlamalı shıǵarmaları: III tom. - Nókis: Bilim, 2014. – 304 b.

7

Hawa kemesindegi ekew: [povestten úzindi] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2014. - 13 noyab. (dawamı bar)

Hawa kemesindegi ekew : [povestten úzindi] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2014. – 15 noyab. (Dawamı bar)

2015

Amanat: [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2015. - 26 fevr.

Aspantaydıń asawları : [jol dápterden] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2015. – 15 avg.

Belgili insanlar ómirinen : [esse] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2015. – 16 may. - Mazmunı: Xojam, isersen, kebersen...; Haw Berdaqjan eken go. (Dawamı bar)

Belgili insanlar ómirinen: [esse] (dawamı. Bası ótken sanda) "Kunxoja hám onıń balası", "On eki perdeni sóyletken barmaqlar", "Súyew baqsınıń ıras atı kim bolgan?", "Eshannıń ókpe giynesi" // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2015. - 19 may.

Belgili insanlar ómirinen: [esse: dawamı. Bası ótken sanda] "Shaqsha", "Báseke", "Aygırındı kisnetpe", "Ibrayım bolıs hám bala Eshjan" // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2015. - 21 may.

Berdaq qosıqları xalqımızdıń bay ruwxıy miyrası // Qaraqalpaq ádebiyatı. - 2015. - dek.

Jińishkeniń bajbanı : [gúrriń] / M. Nızanov // Qaraqalpaqstan jasları. – 2015. – 30 iyul.

Ketpey - aq góy awılga ! : [shayır Xalila Dáwletnazarovtıń «Awıl ármanları» qosıgına házil juwap qosıq]; Meni yarım jolda tapqan muhabbat ; Muhabbat ; Kátquda bolar // Qaraqalpaq ádebiyatı. – 2015. – iyul.

Iyt sataman: [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2015. - 13 avg.

Nálshe : [qosıq] // Ustaz joli'. – 2015. - 13 iyun. - Mazmunı : Saqqulaq ; Sobıq ; Sózi qızıq atamnıń.

Ótmishten sóyletugın kompyuter: [satira-yumor] // Ustaz joli'. - 2015. - 7 mart.

Sotlanatugın Saqbay: [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2015. - 2 apr.

Tańlamalı shıgarmaları: IV tom - Nókis: Bilim, 2015. - 280 b.

2016

Ádebiyat hám biz; Guzgi oy : [qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2016. – 8 okt.

Ádebiyat hám biz: [qosıq] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 25 avg.

Gúzgi oy: [qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 8 okt.

Biz hesh kimnen kem bolmaymız: [qosıq: Prezident Islam Karimovtı eslew] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 8 okt.

Dem al deydi doslarım magan: [doktor Qalmurza Reymovqa arnalgan qosıq] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 16 iyun.

Eki xalıqtıń ortaq shayırı Tursınbay Adashevqa inilik házil: [qosıq] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 15 dek.

Insan mápleri: [qosıq] ("2017-jıl - Xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı") // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 29 dek.

Kúnimizge jaragan ótirik: [yapırmay] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 24 noyab.

Qoyın dápterge qayım gápler: gúrriń.– Nókis: Bilim, 2016. - 232 b.

Qurdaslarıma bayram házili: [qosıq] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 10 mart.

Meshin: [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 1 yanv.

Paxtakor futbolshılarınıń qaygılı tágdiri: [jaqın ótmish sabaqları] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 31 may.

Sen kúymeseń, men kúymesem...: [jazıwshı oy saladı, usınıs etedi: qosıqlar haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 19 apr.

Tańlamalı shıgarmaları: V tom. - Nókis: Bilim, 2016. - 304 b.

Hesh kim qoymaǵan at: [yumor] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2016. - 1 yanv.

2017

Anama: [qosıqlar] // Qaraqalpaq ádebiyatı. - 2017. - fevr. Mazmunı : Juwas qashaǵan ; Dańqqumar ; Men qulaqsız edim ; Haqıyqat ; Burıngı baslıqqa ; Men ministr gezimde ; Bir ójet inime ; Saǵan bolsın hámmesi ; Sálemniń nırqı ; Sózdiń obalı; Turaqlı ádet ; Ayıp kimde? ; Sen sonday saqsań ; Qońıraw ; Eki hal ; Jubanısh.

Berdaq : [dramaturgiya] // Ámiwdárya. – 2017. – № 5. – B. 70 – 92 ; № 6. – B. 87 – 98.

Biz kútken árman: [Prezidentimiz Shavkat Mirziyoevtiń Qaraqalpaqstan Respublikasına saparınan keyingi múnásibet] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2017. - 24 yanv.

Kútilmegen sawǵa : [yumor] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2017. – 1 yanv.

Qálemles doslarıma : [qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2017. – 11 iyul

Men qashan tuwıldım : [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. – 2017. – 1 yanv.

Otız mıń birinshi operaciya : [gúrriń] // Qaraqalpaqstan jasları. – 2017. – 2 noyab.

2018

Aǵla pazıyletleri bar xalqımnıń // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 9 iyun. (Dawamı bar)

Aǵla pazıyletleri bar xalqımnıń // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 12 iyun. (Dawamı. Bası ótken sanda)

Akademik toyına : [Akademik Jumanazar Bazarbaevtıń tuwılǵanınıń 85 jılǵına arnap qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 10 noyab.

Aytpay júrgen ótirigim bar : [kórkem ádebiyat] // Qaraqalpaqstan jasları. – 2018. – 22 noyab.

Berdaq : [dramaturgiya] // Ámiwdárya. – 2017. – № 5. – B. 70 – 92 ; № 6. – B. 87 – 98.

Ǵárip hám Shaxsanemler menen sáwbet : [aktyorlar menen sáwbet] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 3 iyul.

Ilimniń qos qarlıǵashı : [Jumek hám Naǵmet Urumbaevlardıń eslew máresimine arnalǵan qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 9 okt.

Men nege jazıwshılıqtı tańladım? – Nókis : Bilim, 2018. – 184 b.

Muqaddes miyraslar mákanı : [2. Sóyler tili boldı olar xalqınıń. Ullı babalarımız Kunxoja hám Berdaqqa arnap salınǵan maqbara hám muzey haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 25 dek.

Muhabbat qosıǵı : [romannan úzindi] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 6 yanv. (Dawamı kelesi sanda)

Sebet : [satiralıq gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 1 yanv.

Súyegi jeńil adam : [Qaraqalpaqstan Respublikasında kóp jıllar dawamında xızmet kórsetken ájayıp insan Genjebek Qurbanov haqqında] // Qaraqalpaqstan jasları. – 2018. – 26 iyul.

Toy házili : [Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Keńesbay Karimovtıń 70 jıllıǵına arnap qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 25 avg.

Xalqıń menen máńgi jasaysan birge : [Shımbay rayonında Berdaq mavzoleyiniń ashılıwına arnalǵan qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. 25 sent.

Shayır jolda, shayır rulde : [satira] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 17 mart.

Shomanaydıń ekinshi báhári «Shámenay» - ma, «Shuma nay?» ma yaki «Shámen oy» // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 5 may. Dawamı. 10 – 12 – 17 may sanlarında.

2019

Náwbet keldi, dáwlet keldi Moynaqqa : Teńiz sheginbekte, lekin, insan sheginbeydi // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2019. – 24 yanv. Mazmunı: Kewillerdi tebirendirgen press klub ; Siz dáryanıń ultanın kórgensiz! teńizdin she? (Dawamı bar)

Náwbet keldi, dáwlet keldi Moynaqqa : Teńiz sheginbekte, lekin, insan sheginbeydi // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2019. - 26 yanv. Mazmunı : Nókis – Moynaq – Aral (Dawamı. Bası ótken sanda)

Papaqtıń iyesi : [gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2019. – 1 yanv.

Tariyxlarǵa shejire elatsań, Shımbay: [jazıwshı hám zaman] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2019. – 19 mart. (Dawamı bar)

Tariyxlarǵa shejire elatsań, Shımbay // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2019. – 22 mart. (Dawamı. Bası ótken sanda)

2020

Erki bekkem el aǵası: [«Qaraqalpaqlar» roman – essesiniń ekinshi kitabınan] / Muratbay Nızanov // Qaraqalpaq ádebiyatı. – 2020. – № 6 -7. – B. 1 - 2.

Qaraqalpaqlar: [Ekinshi kitabınan úzindi] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2020. – 3 noyab.

Qaraqalpaqlar : [Ekinshi kitabınan úzindi] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2020. – 5 noyab.

Qaraqalpaqlar [Tekst]: roman - esse.1 – kitap. / Muratbay Nızanov – Nókis: Bilim,2020. – 432 b.

Tańlamalı shıǵarmaları [Tekst]: Qosıqlar hám poema. IX tom/ M. Nızanov. - Nókis: Bilim, 2020. - 224 b.

2021

Amerikadan kelgen Ayaz baba : [gúrriń] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2021. – 4 fevr.

Bayramlar múbárek, anajanlarım! : [qosıq] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2021. – 6 mart.

Jańa jıl tilegi; Milliy daqıl: [qosıqlar] / Muratbay Nızanov // Qaraqalpaqstan jasları. – 2021. – 1 yanv.

Tańlamalı shıǵarmaları [Matn]: Povestler, gúrrińler, publicistika hám sáwbetler. X tom. / Muratbay Nızanov. - Nókis: Bilim, 2021. - 440 b.

Muratbay Nızanovtıń shıǵarmaları ózbek tilinde

1995

O'zga sayyorada etti kun: [satiralıq gúrrińler] // Qaraqalpaqstan. - 1995.18 mart.

2013

Qaldirg'ochlarga ber ayvonlaringni: [sheriy lahza] / qoraqalpoq tilidan Rustam Musurmon tarjimasi //O'zbekiston adabiyoti va san'ati. – 2013. – 15 mart.

Yulduzlar yolg'on so'zlamaydi: [hajviya] / qoraqalpoq tilidan Ǵafur Shermuhammad tarjimasi //O'zbekiston adabiyoti va san'ati. – 2013. – 25 okt.

2014

Aqchagul: qissa - Toshkent: O'zbekiston, 2014. - 120 b.

2020

Qoraqalpoqlar [Matn]: roman-esse. K. 1 / Muratbay Nizanov. – Nukus: Bilim, 2020. – 432 b.

Muratbay Nızanov awdarması

2016

Vahidov, E. Urıǵa násiyat: [qosıq: Muratbay Nızanov hám onıń shıǵarmaları haqqında] / E Vaxidov ; qaraqalpaq tiline Muratbay Nızanov awdarǵan // Ustaz joli. – 2016. – 17 dek. Mazmunı : Qaysısı áziz?; Jumbaq.

Muratbay Nızanov hám onıń shıǵarmaları haqqında

1994

Sátbaev O. Ayta berseń kewilde ándiyshe kóp: [jazıwshı M. Nızanovtıń «Eki dúnyanıń áweresi» komediyası haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 1994. - 20 sent.

1995

Ábdiev A. Jámiyet haqıyqatlıǵın ashıp bergen obraz: [M. Nızanovtıń «Jat jurttaǵı jeti kún» povesti haqqında] // Qaraqalpaqstan jasları. - 1995. - 13 iyul.

1998

Esenov J. Toyımsız insapsızlardı qaralaǵan komediya: [Berdaq atındaǵı sılıqqa usınılǵan shıǵarmalardı dodalaymız: Muratbay Nızanovtıń «Eki dúnyanıń áweresi» atamasındaǵı komediyası] / Janızaq Esenov // Qaraqalpaqstan jasları. – 1998. – 5 noyab.

Qurambaev K. Zamanagóy komediya: [Muratbay Nızanovtıń «Eki dúnyanıń áweresi» komediyası] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 1998. – 21 noyab.

2001

Kúlki arbasınıń búgingi qos arısı: [Saylawbay Jumaǵulov hám Muratbay Nızanov 50 - jasta] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2001. - 8 fevr.

2002

Esemuratov G. Satira kúshlilerdiń qualı: [Muratbay Nızanov haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2002. - 8 iyun.

2006

Usnatdinov Sh. Muratbay Nızanovtıń Aqshagúl povesti haqqında // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2006. - 30 sent.

2009

Bazarbaev J. Aqıret uyqısı - hújdan esabatı: [M. Nızanovtıń povesti haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2009. - 15 sent.

Sagıydullaev J. Aqıret uyqısı: [prozalıq kewil tolǵanısları] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2009. - 21 may.

Usnatdinov Sh. Atlıǵa jetkermes piyada yamasa jazıwshı: [Muratbay Nızanovtıń ádebiy portretine eskizler] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2009. - 19 dek.

2010

Abdijamilova R. Juldızlı aqshamnan keyingi oylar «Aqshagul» meni tań qaldırdı // Qaraqalpaqstan jasları. – 2010. - 4 fevr.

2011

Bekmuratov A. Kóp qırlı talant iyesi: [Berdaq atındaǵı milliy muzeyde M. Nızanovtıń 60 jıllıq yubeleyine ilimiy teoriyalıq konferenciya bolıp ótti] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2011. - 21 may.

Esenov J. Talanttıń geypara sırları: [Muratbay Nızanov haqqında] // Qaraqalpaqstan jasları. - 2011. - 2 iyun.

Orazımbetov Q. Insannıń ruwxıy keshirmeleri yamasa jazıwshı: [Muratbay Nızanov dóretiwshiligine shtrixlar] // Erkin Qaraqalpaqstan. - 2011. - 14 may.

Turdıbekova S. Satirik jazıwshı Muratbay Nızanov yubileyi konferenciyası «Berdaq» muzeyinde bolıp ótti // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2011. - 17 may.

Usnatdinov Sh. Óz zamanın tereń uǵınǵan: [Muratbay Nızanov haqqında] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2011. - 20 okt.

2012

Qudaybergenov M. Muratbay Nızanovtıń povest hám gúrrińlerinde fakt hám obraz // Ámiwdárya. - 2012. – B. 102.

2014

Bazarbaev, J. Isenimge aylanǵan nadanlıq : [Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı Muratbay Nızanovtıń "Dushpan" romanı haqqında ádebiy talqı] / J. Bazarbaev, A. Pazılov // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2014. – 30 dek.

2015

Xojamuratova, P. Qısqa jazıp, kerek gápti aytıw kerek deydi Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı Muratbay Nızanov / P. Xojamuratova // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2015. – 27 iyun.

2016

Pirlenov, Á. Belgili jazıwshı hám dramaturg penen ushırasıw: [Ájiniyaz atındaǵı NMPI da Qaraqalpaq xalıq jazıwshısı Muratbay Nızanov penen ushırasıw keshesi shólkemlestirildi ] / Áziz Pirlenov // Qaraqalpaqstan jasları. - 2016. - 4 avg.

2017

Óserbaeva, Z. Jazıwshınıń dóretiwshi sandıǵı...: [Muratbay Nızanovtıń shıǵarmaları haqqında] / Zulfiya Óserbaeva // Qaraqalpaqstan jasları. - 2017. - 10 may.

2018

Bazarbaev, J. Pálektiń oyının baslaǵan muhabbat qosıǵı: [Muratbay Nızanovtıń "Muhabbat qosıǵı" romanı haqqında pikir] // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2018. – 13 mart.

2020

Palwaniyazova G. "Xalıq ushın" operası haqqında // Qaraqalpaqstan mádeniyatı. – 2020. – 21 noyab.

2021

Abibullaev, D. Belgili dóretiwshiniń yubileyine baǵıshlandı : [Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrında Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, Berdaq atındaǵı respublikalıq sıylıqtıń laureatı Muratbay Nızanov tuwılǵanınıń 70 jıllıǵına baǵıshlanǵan ruwxıy aǵartıwshılıq ilaj bolıp ótti] / D. Abibullaev, M. Hábibullaev // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2021. – 11 fevr.

Qutlımuratova Zahida. Maqtawǵa ılayıq insan: [Muratbay Nızanov 70 jasta] / Zahida Qutlımuratova // Qaraqalpaqstan jasları. – 2021. – 11 mart.

Orazımbetov, Q. Xalıqtıń qálbin iyelegen dóretiwshi : [Shayır, jazıwshı, dramaturg Muratbay Nızanov 70 jasta] / Quwanıshbay Orazımbetov // Erkin Qaraqalpaqstan. – 2021. – 4 fevr.

Palımov F. Kórkem ádebiyattıń "Murabı" Muratbay: [Muratbay Nızanov 70 jasta] / Paraxat Palımov // Qaraqalpaqstan jasları. – 2021. – 11 fevr.

Rus tilinde

Abibullaev D. Chestvovanie narodnogo pisatelya: [K 70-letiyu M. Nızanova] / D. Abibullaev // Vesti Karakalpakstana. – 2021. – 13 fevr.

Dúziwshiler:

Málimleme- bibliografiya xızmeti baslıǵı: Z.Qaypova

Málimleme- bibliografiya xızmeti qánigesi: M.Ibadullaeva